# Gid Rapid: Aplikasyon pou Sèvis APD yo

**Sa yo ki anlba a se atik pre-depisitaj yo ke  Ajans pou Moun Andikape tyo (APD) itilize pou detèmine elijiblite pou Sèvis APD yo. APD kapab mande plis enfòmasyon oswa dokimantasyon pou kapab ranpll aplikasyon ou an.**

## Èske m prè pou m aplike?

01 — **Kandida a genyen 3 zan oswa plis.**

02 — **Kandida a ap viv nan Florid.**

03 — **Kandida a genyen yon andikap devlopmantal ki te fè aparisyon li anvan laj 18 lane.**

## Aplikasyon

Aplikasyon yo ka enprime apati sitwèb nou an, oswa disponib nan biwo APD lokal la, oswa disponib isit la: Aplikasyon pou Sèvis
Jwenn Biwo APD lokal ou an isit la: Lokal Biwo APD Lokalizasyon

Ap Sòti Byenyo – Sistèm Aplikasyon sou Entènèt

## Dokiman

Asire ke w rasanble tout dokiman ki nesesè pou soumèt ansanm ak aplikasyon an.
**Verifikasyon Idantite, Verifikasyon Domisil, Dokiman Dyagnostik**
Genyen plis detay nan pwochen paj la ki pral eksplike ki dokiman ki nesesè pou chak dyagnostik. Sepandan, sa ki plis enpòtan epi plis itil se nenpòt evalyasyon dyagnostik ki fèt pandan peryòd devlopmantal la epi anvan laj 18 lane.

## Kontakte nou

Si ou genyen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou nan 1-866-APD-CARES (1-866-273-2273):
Lokal Lokalizasyon Biwo APD
**Biwo Nòdwès • (850) 487·1992**
**Biwo Nòdès • (904) 992·2433**
**Biwo Santral • (407) 245·0440**
**Biwo Suncoast • 1-800-615-8720**
**Biwo Sidès • (954) 467-4218**
**Biwo Sid • (305) 3491·478**

**Pwochen**

# Dokiman ki nesesè pandan aplikasyon pou Sèvis APD yo

Nan anpil ka, Ajans pou Moun Andikape yo (APD) ka verifye rezidans nan Florid pou kandida yo atravè enfòmasyon yo bay nan fòmilè aplikasyon an. Si nesesè, APD kapab mande plis enfòmasyon oswa dokiman pou verifye rezidans.

| **Verifikasyon Idantite ak Domisil** | **Egzanp Dokiman Ki Kapab Nesesè Yo** |
|---|---|
| Pou tout candida yo: | Youn oswa plis nan dokiman ki swiv yo kapab nesesè:<br><br>• Kopi Sètifika Nesans<br>• Kat Sekirite Sosyal<br>• Yon kopi pèmi kondwit ki valid nan Florid<br>• Paspò Etazini<br>• Idantifikasyon foto ke gouvènman federal, eta, oswa local la bay<br>• Idantifikasyon Lekòl ki Gen Foto (aksepte pou timoun ki poko gen 16 lane)<br>• Yon kat Idantifikasyon militè depandan<br>• Sètifika San Endyen<br>• Dokiman tribal Natif Ameriken<br><br>Paran kandida ki poko gen 18 lane yo ka soumèt youn nan sa yo ki swiv yo: Kat militè Etazini oswa dosye preliminè (draft record), Kat Marin Machan Lagad Kot Etazini, Idantifikasyon foto federal, eta, oswa lokal ke gouvènman an bay |
| Kandida ki fèt nan yon lòt peyi ki pa genyen Sitwayènte Etazini yo, bay sa ki swiv yo: | Tanpri soumèt dokiman imigrasyon ki montre estati w antanke yon etranje rezidan, etranje ki kalifye, oswa estati imigrasyon legal, ak prèv domisil nan Florid. |

Tounen

Pwochen

# Klike sou Dyagnostik ki anba a pou jwenn enfòmasyon espesifik sou aplikasyon an

- Otis
- Paralizi serebral
- Sendwòm Down
- Andikap Entelektyèl
- Sendwòm Phelan-McDermid
- Sendwòm Prader-Willi
- Spina bifida cystica oswa myelomenengosèl
- Kandida ki gen ant 3-5 lane yo genyen anpil risk pou gen yon andikap devlopmantal
- Tounen
- Pwochen

# Dokiman ki nesesè pandan aplikasyon pou Sèvis APD yo

Pou APD kòmanse pwosesis elijiblite a, tanpri soumèt dokiman dyagnostik ansanm ak aplikasyon an. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo se yon referans sèlman epi lis la pa konplè. Si sa nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokimantasyon pou kapab ranpli aplikasyon an.

| **Dyagnostik Andikap Devlopmantal** | **Dokiman** | **Pwofesyonèl ki Gen Lisans** |
|---|---|---|
| Kandida k ap aplike ki gen Otis yo | Dwe bay youn oswa plis nan toude tès dyagnostik ak dokiman kolateral. Egzanp yo endike anba a. Tanpri bay tout tès ak dokiman ou genyen ki disponib yo.<br><br>**Egzanp Tès Dyagnostik yo:**<br>Evalyasyon ki swiv yo se kèk egzanp tès yo itilize pouf è yon dyagnostik Otis:<br><br>• ADOS-2: Kalandriye Obsèvasyon Dyagnostik pou Otis, Dezyèm Edisyon<br>• GARS-3: Echèl Gilliam pou Klasman Otis<br>• CARS-2: Echèl Klasman Otis pou Anfans<br>• ASRS: Echèl Klasman pou Espèk Otis<br>• ADI-R: Revizyon Envantè Dyagnostik Otis<br><br>**Egzanp Dokiman Kolateral:**<br><br>• Dosye lekòl, tankou Plan Edikasyon Pèsonalize ak tès akonplisman<br>• Dokiman medikal oswa terapetik<br>• Nenpòt evalyasyon sikolojik, evalyasyon edikatif, oswa tès adaptatif<br>• Nòt sou pwogrè nan terapi lapawòl ak konpòtmantal<br>• Dosye Lwa Baker yo | Yo kapab aksepte yon dyagnostik sèlman nan men youn oswa plis nan pwofesyonèl ki swiv yo:<br><br>• Yon sikyat ki gen lisans nan Florid,<br>• Yon sikològ ki gen lisans nan Florid,<br>• Yon newològ pedyatrik ki sètifye pa komisyon an ki gen fòmasyon ak eksperyans ki kalifye pou fè yon dyagnostik otis,<br>• Yon pedyat nan devlopman ki sètifye pa komisyon an, oswa<br>• Yo kapab aksepte enfòmasyon kolateral ki soti nan yon lòt eta si evalyatè a genyen lisans nan menm domèn sa yo ki nesesè pou lisans nan Florid pou pwofesyon yo. |

Tounen

# Dokiman ki nesesè pandan aplikasyon pou Sèvis APD yo

Pou APD kòmanse pwosesis elijiblite a, tanpri soumèt dokiman dyagnostik ansanm ak aplikasyon an. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo se yon referans sèlman epi lis la pa konplè. Si sa nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokimantasyon pou kapab ranpli aplikasyon an.

| **Dyagnostik Andikap Devlopmantal** | **Dokiman** | **Pwofesyonèl ki Gen Lisans** |
|---|---|---|
| Kandida k ap aplike akoz Paralizi serebral | Dwe bay youn oswa plis nan sa yo pou soutni yon dyagnostik:<br><br>**Egzanp dokiman:**<br><br>• Dokiman nan men yon medsen ki ateste dyagnostik la<br>• Dosye tretman medikal oswa rezime vizit ki endike dyagnostik la<br>• Dosye istwa medikal ki endike dyagnostik la | Yo aksepte dokiman alekri dyagnostik la nan men youn oswa plis nan pwofesyonèl ki swiv yo:<br><br>• Yon doktè medikal<br>• Yon doktè osteyopati<br>• Dosye medikal ki dokimante yon dyagnostik pou paralizi serebral anvan laj 18 lane |

Tounen

# Dokiman ki nesesè pandan aplikasyon pou Sèvis APD yo

Pou APD kòmanse pwosesis elijiblite a, tanpri soumèt dokiman dyagnostik ansanm ak aplikasyon an. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo se yon referans sèlman epi lis la pa konplè. Si sa nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokimantasyon pou kapab ranpli aplikasyon an.

| **Dyagnostik Andikap Devlopmantal** | **Dokiman** | **Pwofesyonèl ki Gen Lisans** |
| --- | --- | --- |
| Kandisa k ap aplike akoz sendwòm Down | Dwe bay youn oswa plis nan sa yo pou soutni dyagnostik la:<br><br>**Egzanp dokiman:**<br><br>• Dwe bay dosye medikal ki dokimante yon analiz kwomozom (yo rele tou yon karyotip) pou detèmine ke moun nan genyen yon materyèl jenetik siplemantè nan nimewo kwomozom 21 li a<br>• Dokiman nan men yon medsen ki ateste dyagnostik la<br>• Istwa medikal ak dosye tretman oswa rezime visit ki endike dyagnostik la | Yo aksepte dokiman nan men yon doktè medikal oswa yon doktè osteyopat. |

Tounen

# Dokiman ki nesesè pandan aplikasyon pou Sèvis APD yo

Pou APD kòmanse pwosesis elijiblite a, tanpri soumèt dokiman dyagnostik ansanm ak aplikasyon an. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo se yon referans sèlman epi lis la pa konplè. Si sa nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokimantasyon pou kapab ranpli aplikasyon an.

| Dyagnostik Andikap Devlopmantal | Dokiman | Pwofesyonèl ki Gen Lisans |
|---|---|---|
| Kandida k ap aplike akoz andikap entelektyèl | Dwe bay youn oswa plis oswa chak oswa sa ki swiv la pou soutni yon dyagnostik. Tanpri bay tout tès ak dokiman ou genyen ki disponib yo:<br><br>• Tès dyagnostik<br>• Tès adaptatif<br>• Dokiman kolateral<br><br>**Egzanp Tès Dyagnostik yo:**<br>Yo kapab soumèt tès estandadize kòm prèv oswa yon andikap entelektyèl Sa yo ki swiv yo se tès estanda entelijans<br>ke yo ki aksepte pou etabli elijiblite pou yon andikap entelektyèl. Kandida a dwe demontre ke nenpòt tès ke Ajans lan pa aksepte pa sipozisyon se yon tès ki valid.<br><br>• Tès Entelijans Stanford-Binet (tout laj)<br>• Echèl Entelijans Primè ak Preskolè Wechsler (mwens pase sis lane)<br>• Echèl Kapasite Diferansyèl – Edisyon Preskolè (mwens pase sis lane)<br>• Echèl Entelijans Wechsler pou Timoun (WISC) (timoun jiska 15 lane, 11 mwa)<br>• Echèl Kapasite Diferansyèl (timoun jiska 15 lane, 11 mwa)<br>• Echèl Entelijans Adilt Wechsler (WAIS)<br>• Tès Entelijans Non-vèbal<br>• Tès Entelijans Konplè oswa Non-vèbal<br>• Tès Entelijans Non-vèbal Inivèsèl (UNIT)<br>• Echèl Pèfòmans Entènasyonal Leiter - Revize | Nan tout ka yo, yo dwe jwenn revizyon oswa evalyasyon pou elijiblite yon fason ki apwopriye nan men pwofesyonèl lisansye ki genyen eksperyans ak fòmasyon nan enstriman yo ak nan popilasyon ke yo detèmine elijiblite pou yo.<br><br>**Pou tès adaptatif:**<br>Mezi pèfòmans pou kategori defisi nan fonksyònman adaptif sa a dwe valide pa jijman pwofesyonèl yon sikològ ki genyen eksperyans nan travay avèk moun ki genyen reta yo, ki genyen fòmasyon espesifik ak validasyon nan enstriman evalyasyon ki itilize yo, epi ki se youn oswa nan men pwofesyonèl ki swiv yo:<br><br>• Yon sikològ ki genyen lisans nan Florid<br>• Yon sikolòd eskolè ki genyen lisans nan Florid<br>• Yon Sikològ Eskolè ki Sètifye |

| | | |
|---|---|---|
| | **Egzanp Tès Adaptatif yo:**<br><br>• Vineland<br>• Sistèm Evalyasyon Konpòtman Adaptatif (ABAS)<br>• Echèl Konpòtman Adaptatif AAMR<br>• Echèl Evalyasyon Konpòtman Adaptatif (ABES)<br>• Echèl Konpòtmantan Endepandan - Revize<br><br>**Egzanp Dokiman Kolateral:**<br><br>• Dosye lekòl, tankou Plan Edikasyon Pèsonalize ak tès akonplisman<br>• Dokiman medikal oswa terapetik pou andikap entelektyèl | |

**Tounen**

# Dokiman ki nesesè pandan aplikasyon pou Sèvis APD yo

Pou APD kòmanse pwosesis elijiblite a, tanpri soumèt dokiman dyagnostik ansanm ak aplikasyon an. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo se yon referans sèlman epi lis la pa konplè. Si sa nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokimantasyon pou kapab ranpli aplikasyon an.

| **Dyagnostik Andikap Devlopmantal** | **Dokiman** | **Pwofesyonèl ki Gen Lisans** |
|---|---|---|
| Kandida k ap aplike akoz sendwòm Phelan-McDermid | Dwe bay youn oswa plis nan sa yo pou soutni yon dyagnostik:<br><br>**Egzanp Dokiman yo:**<br><br>• Tès jenetik<br>• Dokiman alekri nan men yon medsen ki klèman deklare dyagnostik la | Yo aksepte dokiman nan men yon doktè medikal oswa yon doktè osteyopat. |

Tounen

# Dokiman ki nesesè pandan aplikasyon pou Sèvis APD yo

Pou APD kòmanse pwosesis elijiblite a, tanpri soumèt dokiman dyagnostik ansanm ak aplikasyon an. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo se yon referans sèlman epi lis la pa konplè. Si sa nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokimantasyon pou kapab ranpli aplikasyon an.

| **Dyagnostik Andikap Devlopmantal** | **Dokiman** | **Pwofesyonèl ki Gen Lisans** |
|---|---|---|
| Kandida k ap aplike akoz sendwòm Prader-Willi | Dwe bay youn oswa plis nan sa yo pou soutni yon dyagnostik:<br><br>**Egzanp dokiman:**<br><br>• Dokiman nan men yon medsen ki ateste dyagnostik la<br>• Dosye tretman medikal oswa rezime vizit ki endike dyagnostik la<br>• Dosye istwa medikal ki endike dyagnostik la | Yo aksepte dokiman alekri dyagnostik la nan men youn oswa plis nan pwofesyonèl ki swiv yo:<br><br>• Yon doktè medikal<br>• Yon doktè osteyopati<br>• Dosye medikal ki dokimante yon dyagnostik sendwòm Prader-Willi |

Tounen

# Dokiman ki nesesè pandan aplikasyon pou Sèvis APD yo

Pou APD kòmanse pwosesis elijiblite a, tanpri soumèt dokiman dyagnostik ansanm ak aplikasyon an. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo se yon referans sèlman epi lis la pa konplè. Si sa nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokimantasyon pou kapab ranpli aplikasyon an.

| **Dyagnostik Andikap Devlopmantal** | **Dokiman** | **Pwofesyonèl ki Gen Lisans** |
|---|---|---|
| Kandida k ap aplike akoz Spina bifida cystica oswa myelomenengosèl | Dwe bay youn oswa plis nan sa yo pou soutni yon dyagnostik:<br><br>**Egzanp Dokiman yo:**<br>• Dokiman nan men yon medsen ki ateste dyagnostik la<br>• Dosye tretman medikal oswa rezime vizit ki endike dyagnostik la<br>• Dosye istwa medikal ki endike dyagnostik la | Yo aksepte dokiman alekri dyagnostik la nan men youn oswa plis nan pwofesyonèl ki swiv yo:<br>• Yon doktè medikal<br>• Yon doktè osteyopati<br>• Dosye medikal ki dokimante yon dyagnostik Spina bifida cystica oswa myelomenengosèl anvan laj 18 lane |

Tounen

# Dokiman ki nesesè pandan aplikasyon pou Sèvis APD yo

Pou APD kòmanse pwosesis elijiblite a, tanpri soumèt dokiman dyagnostik ansanm ak aplikasyon an. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo se yon referans sèlman epi lis la pa konplè. Si sa nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokimantasyon pou kapab ranpli aplikasyon an.

| **Dyagnostik Andikap Devlopmantal** | **Dokiman** | **Pwofesyonèl ki Gen Lisans** |
|---|---|---|
| Kandida ki gen ant 3-5 lane yo genyen anpil risk pou gen yon andikap devlopmantal | Dwe bay enfòmasyon sipò pou dokimante youn oswa plis nan atik ki anba yo:<br>• Yon reta devlopmantal nan kapasite entelektyèl, langaj, oswa nan devlopman fizik.<br>• Yon timoun k ap lite ak yon enfeksyon katastwofik oswa yon maladi twomatik yo konnen ki asosye avèk reta nan devlopman.<br>• Yon timoun ki genyen yon paran oswa yon gadyen legal ki bezwen asistans pou satisfè bezwen devlopmantal timoun nan.<br>• Yon timoun ki genyen yon anomali fizik oswa jenetik ki asosye avèk andikap devlopmantal.<br><br>APD kapab ede fè revizyon oswa evalyasyon endividyèl ki nesesè pou dyagnostik yon andikap devlopmantal. Tanpri kontakte APD si ou bezwen asistans pou pwograme yon evalyasyon konplè. | • Dokiman nan men yon medsen oswa yon doktè osteyopati ki ateste endikatè ki idantifye yo.<br>• Dosye tretman medikal oswa rezime visit ki endike atik anwo yo.<br>• Dosye istwa medikal ki endike atik ki anwo yo. |

Tounen

# Gid Rapid: Aplikasyon pou Sèvis APD yo

**Kisa mwen ta dwe fè apre m fin rasanble dokiman ki nesesè yo anwo a?**

- Ranpli epi soumèt aplikasyon an bay APD. Ou ka soumèt li bay yon biwo APD lokal ki tou pre w.
  - Yon lis biwo local APD ka disponib isit la: Lokal Lokalizasyon Biwo APD
  - Pa bliye siyen aplikasyon an
  - Ap Sòti Byenyo – Sistèm Aplikasyon sou Entènèt
- Yon fwa APD resevwa aplikasyon an, kandida a pral resevwa yon akize resepsyon.

**Kisa mwen ta dwe atann apre m fin soumèt yon aplikasyon?**

- APD pral kòmanse revize aplikasyon an epi kapab kontakte w pou jwenn enfòmasyon siplemantè oswa dokiman.
- Yon fwa yo fin revise aplikasyon an, APD pral kontakte w konsènan pwochen etap yo.

**Kesyon?**

Si ou genyen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou nan 1-866-APD-CARES (1-866-273-2273):
Klike isit la pou jwenn yon lis Lokalizasyon Biwo APD Lokal yo
**Biwo Nòdwès - (850) 487-1992**
**Biwo Nòdès - (904) 992-2433**
**Biwo Santral - (407) 245-0440**
**Biwo Suncoast - 1-800-615-8720**
**Biwo Sidès - (954) 467-4218**
**Biwo Sid - (305) 349-1478**

**Hope Florida -Yon Pakou pou Posiblite**

Hope Florida se yon pwogram volontè atravè APD ki disponib pou tout rezidan Florid yo. Li ofri yon wout pou posiblite ak espwa pandan l ap bay moun ak fanmi yo sipò akonpayman atravè kolaborasyon kominotè pou satisfè bezwen ak objektif espesifik yo. Hope Florida itilize Hope Navigators ki pral travay dirèkteman avèk ou pou idantifye bezwen ak objektif epi ede devlope yon plan swen ki baze sou aksyon. Pou Konekte ak yon Navigatè Hope, rele: 833-GET-HOPE (833-438-4673)

Tounen